



Òganizasyon pou Devlopman Karayib la

Ouvri pòt pou opòtinite

DEMAND ÈD POU TI PWOJE

Misyon Òganizasyon pou Devlopman Karayib la

Nou se yon Òganizasyon Non-Gouvènmantal k ap travay pou devlopman sosyal ak ekonomik nan rejyon Karayib la.

Misyon pa nou se kreye opòtinite manch long pou pwojè devlopman nan rejyon Karib la. N ap rapousuiv misyon sa a nan kolabore avèk chak grenn moun ansanm ak òganizasyon ki nan kominote a nan mete sou pye pwojè k ap kore avansman edikasyon, biznis dirab, devlopman ekonomik, pwoteksyon anviwònman, ansanm ak rechèch nan domèn lasyans. Lè nou rasanble tout resous nou jwenn nan peyi devlope yo mete sou bon jan konsantman ak patisipasyon moun k ap benefisye pwojè yo nan peyi ki mwen devlope yo, kominote ki nan Karayib la kapab jwenn bonjan edikasyon epi pran responsablite yo nan chèche bonjan solisyon lokal pou rezoud pwoblèm y ap rankontre chak jou. A travè aktivite sa yo n ap rive amelyore kondisyon moun k ap viv nan Karayib la an menm tou ogmante nivo konsyans kiltirèl ak bonjan konpreyansyon ant Etazini ak rejyon Karayib la.

Voye demann èd yo nan adrès sa a:

Caribbean Development Organization, NFP
c/o Joan Karnauskas
511 Arbor Gate Lane
Buffalo Grove, IL 60089
U.S.A.



Òganizasyon pou Devlopman Karayib la

Ouvri pòt pou opòtinite

Fòm pou prezante yon ti pwojè Kijan nou pral jije pwojè yo

Men ki sa nou pral chache wè lè n ap gade yon ti pwojè nou resevwa. Nou pral pran chak pati nan ti pwojè sa a youn pa youn pou wè ki nòt yo merite. Ti pwojè ki pi byen prezante yo se yo menm kap pase anvan, epi se pou yo tou n ap kapab debloke lajan pou yo ka kòmanse.

Men ki sa nou pral gade lè n ap ba yo nòt:

Jan pwojè a pral kontinye **0-5**

N ap bay priyorite ak tout ti pwojè ki montre ke yo ka kontinye egziste apre finansman yo te resevwa a fini. Pwojè yo ta dwe kapab fonksyone nan zòn kote yo ye a san yo pa bezwen souse resous natirèl ki nan kominote a.

Prezantasyon **0-5**

Pwojè kap pase anvan yo se sa yo ki moutre klè kouman yo pwal fè motive kominote a, kijan pwojè yo pral devlope, kijan yo pral sèvi ak lajan an, kijan yo pral jere pwojè a ak kijan yo pral montre ke pwojè a ap reyisi.

Benefisyè yo **0-5**

Pwojè kap pase anvan yo se sa yo ki montre kouman yo ka ede rezoud pwoblèm kominote a. Li enpòtan pou estime kantite ak kalite moun ki pral benefisyè ti pwojè sa yo.

Patisipasyon kominote a **0-5**

Pwojè kap pase anvan yo se sa yo ki montre yon gwo pousantaj patisipasyon kominote a keseswa nan bay kontribisyon lajan, nan mendèv oubyen materyo.

Òganizasyon

Nap bay konsiderasyon ak òganizasyon andedan kominote yo ki moutre gen konpetans pou dirije ti pwojè yo nan kominotè a.

N ap bay konsiderasyon ak pwojè ki montre nan fason yo prezante a ke yo tonbe dako ak misyon Òganizasyon pou Devlopman Karayib la (ODK). **Tanpri souple fè atanson sou bi ak misyon ODK.** Li enpòtan anpil pou oganizasyon k ap fe demann ed yo konprann byen klè ki kalite pwojè ODK ap finance. Pa bliye ke ODK pa p finance okenn ti pwojè ki depaman ak misyon pa l.

Kounye a nou pa kapab aksepte demann pou ti pwojè ki koute plis pase **\$400 dola ameriken.**



Òganizasyon pou Devlopman Karayib la

Ouvri pòt pou opòtinite

Demann èd pou ti pwojè			
Enfòmasyon sou òganizasyon k ap fè demann nan			
Non gwoup oubyen òganizasyon an			Dat demann la
Adrès kote lapòs ka rive		Depatman	Peyi AYITI
Moun ki reskonsab pwojè a		Pozisyon l	Telefòn òganizasyon an
Eske yon lòt òganizasyon ki ankadre nou? Si genyen, bay non ak adrès yo.		Adrès imel:	
Bay non moun ki prensipal manm komite yo			
Non	Pozisyon		Telefòn
Konbyen manm ki gen nan òganizasyon an:		Eske nou gen rekonesans legal nan lameri oubyen nan Ministè Afè Sosyal?	Depi kilè òganizasyon an egziste?
Fi	Gason		
Chak kilè nou fè reyinyon?		Ki kote nou fè reyinyon ?	Konbyen moun ki toujou nan reyinyon yo?
Kisa misyon òganizasyon an?			
Ki kalite travay òganizasyon an ap fè? Nan ki zòn òganizasyon an ap travay?			
Kijan kontwòl lajan fèt andedan òganizasyon an? Kilès k ap kontwole kòb la?			

Òganizasyon pou Devlopman Karayib la – Demann èd ti pwojè – paj 2

Site twa pi gwo pwojè nou deja reyalize:			
Ki kalite travay nou te fè	Lane	Kote lajan an te soti	
Deskripsyon pwojè a			
Non pwojè a		Ki kote pwojè a ap fèt	
Ki objektif pwojè-a?			
Ki pwoblèm pwojè a pra l rezoud oubyen amelyore nan kominote?			
Bay yon eksplikasyon tou kout pwojè a. Di kisa òganizasyon an vle fè egzakteman.			
Konbyen moun ki pral benefisye pwojè a?			
Konbyen gason	Konbyen fanm	Konbyen ti gason	Konbyen ti fi
<p>Silvoulè reponn tou kesyon sa yo nan yon lòt fèy:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Kijan nou pral fè motivasyon nan kominotè a anvan pwojè a ap kòmanse? 2. Eske kominotè a pral bay yon patisipasyon omwens 25 % nan pwojè a? 3. Di egzakteman kijan òganizasyon an pral mennen pwojè a epi kijan li pral kontwole kòb pwojè a. 4. Konbyen tan pwojè a ap pran pou l reyalize? 5. Kijan pwojè a li pral kontinye aprè kòb la fini? 6. Kijan nou pral jije si pwojè a te reyisi oubyen si l pa t reyisi? 7. Ki bon oubyen ki move konsekans pwojè sa a ka genyen sou anviwònman an? 8. Eske nou kapab fè foto travay nou reyalize nan kad pwojè a epi voye yo ak rapò yo? <p>Silvoulè bay lòt enfòmasyon ki enpòtan tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwofòma magazen pou tout bagay ke n ap achte • Kopi plan konstriksyon yo • Devi bòs yo bay pou mendèv • Enfòmasyon sou òganizasyon an / enrejistremman legal òganizasyon an • Kopi ak rekonesans òganizasyon-an nan afè sosyal • Foto travay la • Enfòmasyon ak ti istwa sou kominotè a 			

Òganizasyon pou Devlopman Karayib la – Demann èd ti pwojè – paj 4

Sipèvizyon pwojè a		
<p>Pou fè yon demann bò kote Òganizasyon pou Devlopman Karayib la, fòk tout pwojè yo gen yon moun ki kabab sipèvizè yo. Fòk sipèvizè a se pa yon benefisyè dirèk pwojè a. Li pa nesèsè pou moun sa a toujou la chak jou pou l wè kijan pwojè a ap mache. Se yon moun k ap vizite pwojè a detanzantan pou l wè si òganizasyon an ap byen reyalize pwojè a. Li t ap pi bon si sipèvizè a kapab ekri nan lang anglè, konsa li kapab voye rapò pwojè yo an anglè. Epi tou gen moun nan Òganizasyon pou Devlopman Karayib la k ap vin vizite pwojè a detanzantan pou yo kapab wè si tout travay ap mache kòrèkteman.</p>		
Sipèvizè pwojè a	Nan ki òganizasyon li travay	Telefòn li
Adrès li		Adrès imel li
Rapò sou pwojè a		
<p>Fòk tout òganizasyon yo ki resevwa finansman nan men Òganizasyon pou Devlopman Karayib la bay rapò sou pwojè yo chak mwa (gade fòm rapò yo). Fòk premye rapò a fèt yon mwa aprè pwojè a kòmanse, epi chak dènye jou nan rès mwa pwojè a ap dire a. Òganizasyon an ap remèt rapò a bay sipèvizè pwojè a k ap siyen l epi voye kopi dirèkteman bay Òganizasyon pou Devlopman Karayib la. Fòk rapò a gen kèk foto travay k ap fèt la. Si gen konplikasyon nan dewoulman pwojè a, ka gen kèk chanjman nan dat pou remèt rapò yo. Men fòk Òganizasyon pou Devlopman Karayib la bay konsantman l.</p>		
Siyati demann èd la		
<p>Fòk nou gen siyati yon manm òganizasyon an nan plas sa a:</p> <p style="text-align: center;">Mwen menm _____ (non manm òganizasyon) ansanm ak òganizasyon pa m nan nou konprann ke Òganizasyon pou Devlopman Karayib la pa bay okenn garanti ni fè okenn pwomès ke n ap jwenn kòb pou demann èd nou fè a. Òganizasyon pou Devlopman Karayib la li pran chak pati nan ti pwojè sa yo youn pa youn pou wè ki nòt yo merite. Ti pwojè ki pi byen prezante yo se yo men m kap pase anvan epi se yo menm tou n ap bay lajan pou yo ka ekzekite pwojè a.</p> <p>Epi tou mwen menm ak òganizasyon pa m nan nou konprann ke èd n ap resevwa nan men Òganizasyon pou Devlopman Karayib la, nou fèt pou nou itilize l sèlman pou bagay sa yo nou te ekri nan bidjè a. Nou pa p itilize kòb sa a nan enterè yon sèl grenn moun pou kont li, epi nou pa p itilize l nonplis pou enterè òganizasyon pa nou an sèlman. Kòb sa a, fòk nou itilize li pou benefisye tout moun nan kominotè-a, jan nou te eksplike nou pral itilize l nan demann èd sa a.</p> <p>Si nou gaspiye kòb nou te resevwa nan men Òganizasyon pou Devlopman Karayib la, oubyen si nou depanse kòb la nan lòt bagay ke nou pa t di nan demann èd la, Òganizasyon pou Devlopman Karayib la gen dwa sispann finansman an epi kanpe sou pwojè a san pèdi tan.</p> <p>Nou konprann ke, si nou ta resevwa finansman nan men Òganizasyon pou Devlopman Karayib la, fòk nou voye yon rapò sou pwojè a chak mwa rive sou sis (6) mwa menm aprè pwojè a fini.</p>		
_____	_____	_____
Siyati	Non	Dat